



# **TEHNIK NULIS KARYA ILMIAH**

Pendidikan dan Pelatihan Profesi Guru

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

**2009**

## DAFTAR EUSI

Kaca

### I. Bubuka

- A. Harti Karya Ilmiah
- B. Ciri-ciri Karya *Imiah*
- C. Tujuan Nulis Karya Ilmiah
- D. Fungsi Karya Ilmiah
- E. Jenis-jenis Karya Ilmiah
- F. Bédana Karya Ilmiah jeung Karya Populér

### II. Léngkah-léngkah Nulis Karya Ilmiah

- A. Tahap Persiapan
- B. Tahap Ngumpulkeun Data
- C. Tahap Ngonsép Karya Ilmiah
- D. Tahap Mariksa Karya Ilmiah
- E. Tahap Nulis Karya Ilmiah

### III. Evaluasi

Daftar Pustaka

Lampiran

## BAB I

### BUBUKA

Karangan ilmiah mangrupa sarana anu kacida pentingna pikeun nyebankeun élmu pangaweruh jeung téknologi. Teu saeutik jalma anu kadorong pikeun ningkatkeun aktivitasna ku maca karya ilmiah. Malah karya ilmiah bisa dijadikeun tatapakan nangtukeun kabijakan. Ku kituna, geus jadi katangtuan yén nulis karya ilmiah kudu ngagunakeun basa anu bener tur hadé supaya gampang kahartina ku nu maca.

Saméméh dipedar perkara léngkah-léngkah nulis karya ilmiah, diébréhkeun heula (1) harti karya ilmiah, (2) tujuan nulis karya imiah, (3) fungsi karya ilmiah, jeung (4) bédana karya ilmiah jeung karya populér.

#### A. Harti Karya Ilmiah

Aya sawatara wangenan ngeunaan karya ilmiah di antarana saperti kieu.

1. Karya ilmiah nya éta hiji karangan anu disusun sacara sistematis tur sifatna ilmiah (Wardani, 2007).
2. Karya ilmiah nya éta karangan élmu pangaweruh anu ngébréhkeun fakta jeung ditulis dumasar kana métode penulisan anu bener tur hadé (Brotowijoyo dina Arifin ,1987).
3. Karya ilmiah nya éta hasil panalungtikan ilmiah anu disusun jeung ditulis sacara sistematis sarta merhatikeun aturan téhnik penulisan karya ilmiah (Sudjana, 1988).

## **B. Ciri-ciri Karya Ilmiah**

Tina wangenan karya ilmiah tadi ébréh ayana ciri-ciri karya ilmiah.

Saterusna, Wardani medar ciri-ciri karya ilmiah saperti kieu:

1. Ditilik tina jihad eusi, karya ilmiah mangrupa pangaweruh anu ngébréhkeun pamikiran, déskripsi ngeunaan hiji hal atawa cara ngungkulan pasualan.
2. Pangaweruh anu diébréhkeun téh dumasar kana fakta atawa data (kajian émpirik) atawa kana téori-téori anu geus diuji benerna.
3. Karya ilmiah ngandung bebeneran anu objéktif tur jujur dina penulisanana.
4. Basa anu digunakeunana nya éta basa baku, ngagunakeun istilah téknis jeung ngagunakeun dénotatif deuih.
5. Sistematika nulisna gugon kana cara anu tangtu.

## **C. Tujuan Nulis Karya Ilmiahkeun**

Wardani (2007) ngébréhkeun lima tujuan nulis karya ilmiah.

1. Publikasi pamikiran ka masarakat atawa lingkungan nu tangtu. Upamana dina wangun artikel anu ditulis dina média massa
2. Nyumponan pancén anu mangrupa pasaranan program studi. Upamana, program S1 kudu nulis skripsi, program S2 kudu nulis tésis, jeung program S3 kudu nulis disertasi.
3. Nyawalakeun pamikiran dina pertemuan ilmiah. Upamana, karya ilmiah disusun pikeun seminar, simposium, diskusi panél, jsté,
4. Milu pasangiri nulis karya ilmiah. Upamana, milu lomba karya tulis ilmiah anu diayakeun ku Depdiknas anu biasana dilaksanakeun unggal taun.
5. Nyebarkeun hasil panalungtikan ka sakumna masarakat atawa ka lingkungan nu tangtu. Upamana, nulis artikel hasil panalungtikan dina majalah ilmiah.

## D. Fungsi Karya Ilmiah

Nurutkeun Wardani (2007) mangpaat karya ilmiah bisa dibagi dua: (1) mangpaat pikeun masarakat jeung (2) mangpaat pikeun nu nulisna. Luyu jeung fungsina, pikeun masarakat karya ilmiah bisa dimangpaatkeun jadi (1) rujukan atawa référensi dina nyiapkeun karya tulis atawa kgiatan ilmiah; (2) sarana pendidikan pikeun ngajembaran wawasan hiji jalma dina widang elmu anu diulikna; jeung (3) bisa nyebarkeun kamekaran élmu pangaweruh ka sakumna masarakat atawa kelompok nu tangtu.

Ari mangpaat karya ilmiah pikeun nu nulisna diébréhkeun ku Arifin (1987).

1. Bisa mekarkeun kamahéran maca éféktif sabab manéhna kudu maca sawatara rujukan saméméh trét nulis.
2. Bisa dipaké latihan ngahijkeun hasil bacaan jeung pamikiranana sorangan.
3. Leuwih ngakrabkeun nu nulis jeung kgiatan perpustakaan, upamana dina ngagunakeun katalog lamun néangan buku anu diperlukeun.
4. Ningkatkeun kamampuh nu nulis dina ngaorganisasikeun jeung ngébréhkeun fakta jeung data anu jelas tur sistematis.
5. Nambahán kasugemaan inteléktual nu nulis, nya éta kasugemaan anu aya patalina jeung kamampuh dirina ngébréhkeun hazanah kaélmuanana.
6. Ku kgiatan nulis karya ilmiah, nu nulis geus milu nyumbangkeun hazanah paélmuanana ka sakumna masarakat.

## **F. Jenis-jenis Karya Ilmiah**

Mulyadi (2004) ngabagi-bagi karya tulis ilmiah saperti kieu.

### A. Laporan Hasil Kegiatan Ilmiah:

- ✓ Panalungtikan
- ✓ Pengembangan
- ✓ Evaluasi

### B. Tulisan Ilmiah:

- ✓ Makalah
- ✓ Tulisan Ilmiah Populér
- ✓ Prasaran dina pertemuan ilmiah
- ✓ Artikel

### C. Buku:

- ✓ Modul
- ✓ Diktat
- ✓ Tarjamahan

## **G. Bédana Karya Ilmiah jeung Karya Ilmiah Populér**

Bédana antara karya ilmiah jeung karya ilmiah populér bisa dititénan tina wangenanana. Karya ilmiah mah dihartikeun tulisan anu miboga sifat paélmuan atawa nyumponan sarat élmu pangaweruh. Biasana basana sok ngagunakeun istilah téknis, nepi ka nu maca téh horéam. Ari karya ilmiah populér mah basana ngagunakeun basa umum, nepi ka gampang kaharti ku masarakat awam ogé. Kadar kailmiahán dina karya ilmiah populér mah geus diolah ku basa anu hampang tur gampang nepi ka matak resepeun nu maca.

## BAB II

### LENGKAH-LENGKAH NULIS KARYA ILMIAH

Léngkah-léngkah nulis karya ilmiah nurutkeun Arifin (1987) ngawengku: (1) tahap persiapan, (2) 'pengumpulan' data, (3) 'pengonsépan', (4) mariksa konsép, jeung (5) nulis karya ilmiah.

#### A. Tahap Persiapan

Aya sawatara hal anu kudu dipigawé dina nyiapkeun karya tulis ilmiah.

1. Milih topik/masalah anu jelas tur spésifik pikeun karya tulis.
2. Ngaidentifikasi calon 'pembaca' karya ilmiah.
3. Nangtukeun ambahan eusi matéri pikeun karya ilmiah.

Satuluyna, dina tahap persiapan ieu nu nulis bisa ngumpulkeun informasi pikeun nulis karya ilmiah ku cara ngamangpaatkeun perpustakaan anu mangrupa sumber data, informasi, jeung bahan pikeun tulisan. Lian ti ngamangpaatkeun perpustakaan, nu nulis bisa ngalakukeun wawancara pikeun ngumpulkeun bahan/informasi tulisan.

#### B. Tahap Ngumpulkeun, Ngolah, jeung Nganalisis Data

Ku instrumén, data anu dipikahayang ku urang bisa dikumpulkeun. Masalah nu muncul saterusna nya éta keur naon éta data jeung kudu dikumahakeun?

Data anu geus ditéangan atawa dikumpulkeun kalawan susah payah bari jeung ngaluarkeun dana anu teu saeutik téh taya lian pikeun nguji hipotésis (lamun kuantitatif) atawa sakurang-kurangna pikeun ngajawab pertanyaan panalungtikan (lamun kualitatif). Ku kituna, dumasar warna datana analisis téh dibagi dua nya éta

- (1) analisis data kualitatif jeung
- (2) analisis data kuantitatif.

Aya sababaraha tujuan analisis data.

1. ngaorganisasi data;
2. ngelompokkeun data jadi unit-unit;
3. ngayakeun sintésis data;
4. néangan pola analisis data;
5. manggihan mana anu penting jeung mana anu ditalungtik; jeung
6. nangtukeun naon anu bisa ditepikeun ka jalma séjén.

Iraha jeung di mana data dianalisis?

1. Di lapangan: waktu ngumpulkeun data.
2. Di lapangan: sanggeus ngumpulkeun data; saméméh proses ngumpulkeun data réngsé.
3. Di luar lapangan: sanggeus réngsé ngumpulkeun data.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun waktu ngumpulkeun data?

1. Jieun kaputusan pikeun ngawatesanan data anu diperlukeun.
2. Rancang cara ngumpulkeun data dumasar kana anu kapanggih dina waktu ngumpulkeun data saméméhna.
3. Tulis saloba-lobana "koméntar panalungtik" ngeunaan idé anu dihasilkeun.

#### 4. Jieun catetan tina naon anu kapanggih.

Saméméh dianalisis, data téh kudu diolah heula. Aya sababaraha léngkah dina ngolah data.

##### a) Meresihan data

Hartina, mariksa deui jawaban réspondén, naha unggal pertanyaan geus dijawab ku réspondén atawa acan. Lamun geus dijawab, naha cara ngajawabna geus bener atawa acan.

##### b) Nyieun kode

Hartina, méré tanda atawa kode kana data supaya gampang mariksa jawabanana.

##### c) Ngalakukeun skoring/méré angka

Hususna kana data anu dikuantifikasikeun sarta ngitung angka pikeun unggal jawaban réspondén.

##### d) Ngagolongkeun katégori jawaban dina tabél-tabél, boh dina tabél frékuénsi boh dina tabél skor atawa ajén, luyu jeung kaperluan.

##### e) Ngolah jeung ngitung data luyu jeung kapentingan nu nalungtik.

##### f) Ngadéskripsikeun hasil-hasil ngitung dina wangun tabél, grafik, jeung sajabana.

##### g) Napsirkeun hasil ngolah data dina wangun pernyataan-pernyataan verbal luyu jeung permasalahan panalungtikan.

##### h) Analisis data nu leuwih jero dilakukeun pikeun nguji hipotésis.

### C. Tahap Ngonsép Draf Karya Ilmiah

Lamun data geus dikumpulkeun, nu nulis bisa milih tur ngelompokkeun éta data dumasar kana jenisna, sifatna, atawa wanguunna. Nu nulis kudu nangtukeun data mana anu rék diébréhkeun leuwih ti heula jeung data mana

anu rék diébréhkeun kadua, jeung saterusna. Nu nulis kudu ngolah jeung nganalisis data ku tehnik-tehnik anu geus ditangtukeun—luyu jeung sifat datana naha kuantitatif atawa kualitatif. Satuluyna, nu nulis bisa mimiti ngonsép karya ilmiah luyu jeung sistematika anu geus ditangtukeun.

#### **D. Tahap Mariksa Karya Ilmiah**

Méméh ditik éta konsép téh dipariksa heula bisi aya pedaran anu patumpang tindih atawa bolak-balik. Lamun kapanggih aya pedaran anu patumpang tindih atawa bolak-balik nya kudu dibenerkeun. Cindekna, dina ieu tahap, nu nulis kudu mariksa eusi karangan, cara ngébréhkeun éta karangan, ogé mariksa basa anu digunakeun dina éta karangan.

#### **E. Tahap Nulis/Ngalaporkeun Karya Ilmiah**

Dina nulis laporan karya ilmiah aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun: (1) susunan laporan, (2) basa laporan, (3) visualisasi laporan, jeung (4) format laporan.

##### *1. Susunan laporan*

Umumna laporan panalungtikan disusun saperti kieu.

*Bagian bubuka*, anu ngawengku:

- a. Lembar jilid luar
- b. Lembar jilid jero
- c. Lembar légalisasi (lamun perlu)
- d. Pangjajap
- e. Daftar eusi (lamun perlu bisa dilengkepan ku daftar tabél, daftar peta, daftar gambar, jeung saterusna).

*Bagian Eusi* (Bagian eusi disaluyukeun jeung bab-bab eusi laporan sabenerna) anu ngawengku hal-hal ieu di handap.

## **Bab I BUBUKA**

### 1.1 Kasang Tukang

Eusina ngeunaan data/informasi anu aya patalina jeung panalungtikan sarta informasi ngeunaan panalungtikan séjén anu aya patalina jeung éta panalungtikan. Dina kasang tukang ieu ogé dijelaskeun pentingna éta panalungtikan.

### 1.2 Masalah

Eusina rumusan-rumusan masalah anu rék ditéangan jawabanana ku éta panalungtikan. Hadéna mah diébréhkeun ngeunaan konsékuénsi lamun éta panalungtikan teu dilaksanakeun.

### 1.3 Tujuan

Eusina ngajéntrékeun tujuan sarta hasil-hasil anu hayang dihontal ku éta panalungtikan sarta mangpaat jeung pangaruh hasil panalungtikan (dipatalikeun jeung kasang tukang ).

### 1.4 Ambahan Panalungtikan

Eusina pedaran ngeunaan wates-wates/ambahan panalungtikan, boh ngeunaan legana boh ngeunaan jerona éta panalungtikan.

## **BAB II LANDASAN TEORETIS**

### 2.1. Hasil kajian kapustakaan

Eusina hasil-hasil talaah kapustakaan anu aya patalina jeung éta panalungtikan.

### 2.2. Anggapan dasar/asumsi

Eusina anggapan-anggapan/asumsi-asumsi anu jadi tatapakan éta panalungtikan.

### 2.3. Hipotésis (lamun aya)

Eusina hipotésis-hipotésis (jawaban sementara) anu diajukeun dina panalungtikan.

#### 2.4. Définisi Operasional

Eusina définition-définition anu operasional tina sajumlah konsép panalungtikan. Hirarhi konsép nepi ka operasinal saperti kieu: Konsép-- pangalaman/émpiris — operasionalisasina.

### **BAB III METODE JEUNG TEHNIK PANALUNGTIKAN**

#### 3.1. Métode/pamarekan jeung paradigma panalungtikan

Eusina ngeunaan métode/pamarekan anu rék digunakeun dina panalungtikan.

#### 3.2 Sumber data

Eusina ngajéntrékeun populasi jeung atawa sampel anu jadi objék panalungtikan. Lamun panalungtikan nyokot data tina sampel, ébréhkeun tehnik nyokot sampel anu digunakeun sarta alesan ngagunakeun éta téhnik. Ebréhkeun lobana anggota sampel anu rék dijadikeun objék panalungtikan deuih.

#### 3.3 Instrumén

Eusina ngajelaskeun karakteristik instrumén anu rék dipaké. Ebréhkeun deuih kumaha validitas jeung réliabilitas éta instrumén. Lian ti éta, ébréhkeun variabel-variabel anu rék dikumpulkeun dina ngagunakeun éta instrumén.

### **BAB IV PEDARAN HASIL PANALUNGTIKAN**

Eusina bisa ngan sabab atawa sababaraha bab. Dina ieu bab téh dirinci ngeunaan analisis data sarta tapsiranana. Unggal analisis dipungkas ku kacindekan.

## BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

### 1. Rangkuman

Eusina rangkuman sakumna kacindekan unggal satuan analisis.

### 2. Kacindekan

Eusina kacindekan anu leuwih lega sarta generalisasi dumasar kana rangkuman atawa kacindekan unggal satuan analisis.

### 3. Saran jeung rekoméndasi

Eusina saran atawa rekoméndasi.

***Bagian Ahir***, eusina ngawengku:

#### a. Daftar kapustakaan

#### b. Lampiran-lampiran

1) instrumén panalungtikan

2) Data-data panalungtikan (hadéna mah dina matriks data)

3) Biodata Panalungtik

4) Surat-surat anu dianggap perlu

#### 2. Basa laporan

Lian ti susunan laporan, basa laporan kudu diperhatikeun deuih. Dina hal basa, aya sawatara hal anu kudu dititénan: (1) ejahan, (2) kecap-kecap jeung istilah, (3) kalimah, jeung (4) paragraf.

##### a. Ejahan

Laporan panalungtikan anu hadé tinangtu kudu ngagunakeun ejahan anu geus dibakukeun. Dina basa Sunda kudu gugon kana *Palanggeran Ejahan Basa Sunda*. Lamun laporanana ditulis maké basa Indonésia, tinangtu kudu gugon kana *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan*

. b. Kecap-kecap jeung istilah

Kecap-kecap anu digunakeun dina laporan panalungtikan kudu kecap-kecap anu ngandung harti anu lugas/dénotatif. Unggal kecap ngan ngalambangkeun hiji harti atawa konsép. Istilah-istilah anu digunakeun kudu miboga harti anu angger sarta kudu luyu jeung aturan ngawangun istilah.

c. Kalimah

Kalimah-kalimah anu digunakeun dina laporan panalungtikan kudu éfektif. Aya sababaraha ciri kalimat éfektif nya éta

- (1) kalimah kudu miboga sakurang-kurangna subjek jeung predikat;
- (2) kalimah kudu mibanda simpay idéjeung simpay struktur;
- (3) kalimah kudu mibanda konstruksi anu sarua/sajajar;
- (4) kalimah kudu irit/économis; jeung
- (5) dina kalimah kudu kagambar bagian kalimah anu diutamakeun jeung runtusan anu logis.

Supaya kalimah éfektif tinangtu nu nulis kudu ngawasa aturan-aturan saperti tata basa, kabeunharan kecap, jeung istilah-istilah dina widang panalungtikan.

d. Paragraf

Paragraf téh mangrupa wongun basa anu leuwih lega batan kalimah. Ku sabab kitu, biasana paragraf diwangun ku sawatara kalimah. Kalimah-kalimah dina paragraf kudu mangrupa beungkeutan katunggalan nu silih lengkepan enggonging ngébréhkeun poko pikiran.

Paragraf nu hadé kudu mibanda kohési, kohérénsi, jeung pamekaran. Kohési baris ngawujud upama aya simpay idé. Kohrénsi bakal nyampak upama aya simpay wangun kalimah anu merenah. Pamekaran baris kahontal upama paragraf lengkep nya éta paragraf anu kaiimah topikna dimekarkeun ku kalimah-kalimah pangrojong nepi ka idé poko paragraf jelas.

### 3. *Visualisasi Laporan*

Data-data anu diébréhkeun dina laporan panalungtikan hadéna mah ditulis henteu dina lambang verbal (kecap-kecap) tapi dina wangun lambang-lambang visual. Aya sababaraha rupa lambang visual, upamana tabél, diagram, grafik, jeung peta.

### 4. *Format Laporan*

#### a. Ukuran Keretas

Keretas anu biasa dipaké pikeun nulis laporan biasana ukuran kuarto. Ukuran keretas ti luhur jeung gigir kénca biasana 4 cm; ti handap jeung gigir katuhu biasana 4 cm.

#### b. Cara Nulis *Catatan Kaki*

*Catatan kaki* biasana dipaké pikeun nuliskeun hal-hal saperti ieu di handap.

- 1) Keterangan husus atawa keterangan tambahan anu penting tapi teu bisa diasupkeun kana téks.
- 2) Koméntar husus ngeunan bagian anu tangtu dina téks.
- 3) Cutatan anu bisa ngaganggu ka lantaran lamun ditulis dina téks.

c. Cara Méré Nomer

Cara méré nomer bisa ku cara campuran nya éta ku angka jeung ku huruf.

Contona saperti ieu di handap.

I. Angka Rumawi Gede

A. Huruf gede

1. Angka Latin

a. Huruf leutik

1) Angka latin make kurung buka

a) Huruf leutik make kurung buka

(1) Angka Latin dina jero kurung

(a) Huruf leutik dina jero kurung

## **II. EVALUASI**

1. Terangkeun naon sababna karya ilmiah populér leuwih ngirut nu macana batan karangan ilmiah!
2. Umumna karangan ilmiah diwangun ku bagian bubuka, bagian inti, jeung bagian panutup. Terangkeun naon bae eusina masing-masing éta bagian téh!
3. Jéntrékeun aspék-aspék anu ngabédakeun antara karya tulis ilmiah jeung karya ilmiah populér!
4. Naon baé anu kudu dilaksanakeun dina persiapan nulis karya ilmiah? Terangkeun!
5. Tangtukeun hiji topik karya ilmiah! Tuluw jieun rangka karya ilmiahna!
6. Mekarkeun rangka karya ilmiah nomer lima tadi nepi ka ngawangun hiji karya ilmiah anu bener tur hadé!

## DAFTAR PUSTAKA

- Arifin, E. Zaenal. 1987. *Penulisan Karangan Ilmiah dengan Bahasa Indonesia yang Benar*. Jakarta: PT Mediyatama Sarana Perkasa.
- Effendi, Sofian. 1995. *Metode Penelitian Survai*. Jakarta: LP3ES.
- Ghony, Djunaidi. 1991. *Pedoman di Dalam Penelitian & Penilaian*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Moleong, Lexy J. 1995. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyadi, HP. 2005. "Makalah Pemasalahan Penulisan Makalah Ilmiah" Semarang: LPMP Jawa Tengah.
- Sudjana, Nana. 1988. *Tuntunan Penyusunan Karya Ilmiah*. Bandung: Sinar Baru.
- Wardani, I.G.A.K. 2007. *Teknik Menulis Karya Ilmiah*. Jakarta: Universitas Terbuka.

## Lampiran-lampiran

### Conto Makalah 1

#### INOVASI PENDIDIKAN ku Nunuy Nurjanah

##### A. Bubuka

Inovasi pendidikan nya éta hiji idé, barang, atawa métode anu karasa mangrupa hal anu anyar pikeun hiji jalma atawa pikeun masarakat, boh mangrupa invénsi boh mangrupa *discovery* anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan pendidikan atawa pikeun ngungkulan masalah-masalah pendidikan. Invénsi nya éta hiji pamanggih anu bener-bener anyar--mangrupa hasil kréasi manusa. Contona, pamanggih ngeunaan téori diajar, cara ngolah barang, mode pakéan, jst. Ari *discovery* mah nya éta hiji pamanggih ngeunaan barang atawa hal anu éta barang atawa hal téh sabenerima mah geus aya, tapi can dipikanyaho ku jalma réa. Contona, pamanggih kana Benua Amérika. Pan Amérika teh ti baheulana ge geus aya, tapi kakara kapanggih ku Columbus taun 1942. Conto *discovery* séjénna nya éta hukum gravitasi. Sabenerima, bumi ti baheulana gé geus boga gravitasi, tapi kakara kanyahoan ku Néwton anu dingaranan hukum gravitasi bumi.

##### B. Alesan perluna inovasi pendidikan

Masarakat téh terus mekar luyu jeung suksésna pangwanganan. Tah kamekaran ieu téh kudu sumebar kaasup dina widang pendidikan. Pendidikan moal mekar, lamun teu dibarengan ku inovasi pendidikan. Ku kituna, inovasi pendidikan téh kacida pentingna dira raraga ningkatkeun ajen pendidikan.

##### C. Ambahan inovasi pendidikan

Dina dunya atikan, inovasi anu kudu dilakukeun téh ngawengku tilu hal, nya éta inovasi guru, siswa, jeung bahan ajar. Leuwih tétéla, éta widang inovasi katut rincian inovasina digambarkeun dina ieu bagan.

<b>Widang Inovasi</b>	<b>Paradigma Heubeul</b>	<b>Paradigma Anyar</b>
<b>1. Guru</b>	a. nerapkan model b. ngatur siswa  c. loba nanya ka siswa d. nepikeun matéri	a. ngarancang modél b. nungtut siswa diajar/ngayakeun kreasi c. ngarojong siswa nanya d. nyieun materi misteri supaya kapanggih ku siswa
<b>2. Siswa</b>	a. ngaregepkeun b. ngalakukeun vérifikasi c. ditanya d. nyatet e. ngaregepkeun f. diatur ku guru	a. ngalakukan kegiatan b. inkiri c. nanya d. nyieun rangkuman e. présentasi f. ngararancang sorangan
<b>3.Bahan Ajar</b>	a. dumasar kana pangaweruh b. museur kana aktivitas guru c. nungtut siswa ngapalkeun d. narima matéri e. ditarima sacara individual	a. dumasar kana kompétensi b. museur kana aktivitas siswa c. nungtut siswa sina mikir d. manggihan matéri e. ditarima sacara kolaborasi

#### D. Panutup

Inovasi téh mangrupa hasil gawé. Tina kituna, lamun teu digawe moal aya inovasi. Lian ti éta, inovasi merlukeun kawani pikeun migawe hiji hal anu dirojong ku pamikiran konseptual anu bener-bener dirarancang dibarengan ku kayakinan yén éa pamikiran téh ngahasilkeun hiji hal anu mangpaat.

Hasil inovasi, kaasup hasil inovasi pendidikan bakal leuwih éféktif lamun dirarancang babarengan tur hasilna dibewarakeun. Sarana pikeun ngabewarakeunana bisa dilakukeun ku kelompok-kelompok saperti KKG

atawa ku organisasi profési anu pancénna ningkatkeun ajén profésinalisme guru.

Loba inovasi anu mimitina mah mangrupa inovasi mikro, tapi jadi makro tur bisa ngahontal tujuan anu kacida legana. Upamana, inovasi anu dilakukeun ku Thomas Edison dina ngawanohkeun lampu pijar--pan ahirna jadi dirojong ku hiji inovasi anu kacida rongkahna. Antukna, inovasi Thomas Edison bisa méré mangpaat tur bisa ningkatkeun ajén hirup sakumna manusa di alam dunya.

#### E. Pabukon

- Dahar, R.W. 1984. *Téori-téori Belajar*. Jakarta: Erlangga.
- Dahlan, D.M. 1990. *Model-model Mengajar*. Bandung: CV Diponegoro.
- Ibrahim. 1988. *Inovasi Pendidikan*. Jakarta: Depdikbud Dirjen Dikti P2LPTK.
- Rogers M. & Shoemaker F. Floyd. 1983. *Diffusion of Innovation*. New York: The Free Press A Division of Macmillan Publishing Co. Inc.
- Tilaar, H.A.R. 1999. *Beberapa Agenda Reformasi Pendidikan Nasional*. Magelang: Tera Indonesia.
- Triono, Dwi Condro. 2008. "Pendidikan dalam Strategi Pendidikan Global". Makalah Seminar Peduli Pendidikan, Kalam UPI.

## **Conto Makalah 2**

### **MEKARKEUN MINAT DIAJAR BASA SUNDA DI TAMAN KANAK-KANAK**

ku  
Nunuy Nurjanah

#### **A. BUBUKA**

Dina *Peraturan Pemerintah Republik Indonésia No. 27 Tahun 1990* ngeunaan Pendidikan Prasekolah disebutkeun yén pendidikan prasekolah anu ngawengku Taman Kanak-Kanak, Kelompok Bermain, jeung Penitipan Anak mangrupa atikan pikeun ngarajong tumuwuh jeung mekarna jasmani katut rohani murid di luar lingkungan kulawarga saméméh asup ka sakola dasar anu dilaksanakeun ku jalur pendidikan sekolah nya éta TK atawa anu dilaksanakeun ku jalur pendidikan luar sekolah nya éta Kelompok Bermain jeung Penitipan Anak. TK teh aya nu dilaksanakeun ku pamarentah tapi lolobana mah dilaksanakeun ku masarakat. Ari Kelompok Bermain jeung Penitipan Anak mah sagemblengna dilaksanakeun ku masarakat.

Tujuan diayakeun pendidikan prasekolah nyaéta pikeun mantuan numuwuhkeun dasar-dasar pikeun kamekaran sikap, pangaweruh, kaparigelan, jeung daya cipta anu diperlukeun ku murid dina nyaluyukeun dirina kana lingkunganana pikeun tumuwuh jeung kamekaran dirina satulunya. Pikeun ngahontal éta tujuan, disadiakeun program diajar anu ngawengku mekarkeun (1) moral Pancasila, (2) agama, (3) disiplin, (4) kamampuh ngagunakeun basa, (5) daya pikir, (6) daya cipta, (7) perasaan/emosi, (8) kamampuh bermasyarakat, (9) kaparigelan, jeung (10) jasmani.

Kamampuh ngagunakeun basa téh mangrupa salah sahiji program Taman Kanak-Kanak. Ku kituna, dina bagian B baris diébréhkeun conto-conto atikan basa Sunda di TK.

## B. Atikan Basa Sunda di Taman Kanak-Kanak

Loba para ahli anu ngebrehken harti kecap pendidikan. Salah sahijina ngebrehkeun yen pendidikan umumna ngandung harti bingbingan sacara sadar ku pendidik (jalma dewasa) kana kamekaran jasmani jeung rohani murid (anu can déwasa) pikeun ngawangun kapribadian anu utama.

Tina éta wangenan ébréh yén aya dua subyék utama dina prosés pendidikan nya éta ayana pendidik jeung murid. Supaya prosés pendidikan lumangsung kalawan éfektif, diperlukeun ayana suasana anu akrab antara dua komponén utama ieu. Patali jeung ieu hal Shapiro (1997:97) ngébréhkeun sababaraha pituduh enggonging nyiptakeun situasi akrab antara jalma déwasa jeung murid anu umurna antara 3-10 taun, nya éta nalika murid resep ngadéngékeun carita. Péréléanana saperti ieu di handap.

1. Milih carita anu luyu jeung tingkat panitén budak.
2. Milih waktu anu pinuh ku kaakraban.
3. Maca kalawan sumanget tur maké lentong anu merenah.
4. Kudu mindeng ngayakeun kontak panca indra jeung budak dina waktu maca.
5. Béré kasempetan sangkan budak ngoméntaran atawa ngajukeun sababaraha pertanyaan kana éta carita.
6. Ciptakeun éta kagiatan téh sangkan bener-bener méré kasenangan.
7. Ciptakeun kaakraban pisik jeung budak.
8. Carita kudu dipungkas ku kaayaan anu pikabungaheun.
9. Béré kasempetan sangkan budak mungkaskeun carita ku sorangan pikeun mantuan mekarkeun daya nalarna.

Ayeuna baris disodorkeun sawatara conto atikan basa Sunda di TK.

Conto 1

Tema: *Aku*

Catetan:

Murid sina ngawanokehun dirina (ngaran diri jeung kulawargana sarta alamat imahna).

Conto:

Abdi	Nina
Pun bapa namina	Mamat
Pun biang namina	Enur
Rorompok	di Jalan Cidadap Girang No. 33.

Satuluyna murid bisa giliran nyaritakeun tur ngawanohkeun dirina. Hadéna mah guru teu meunang nyempad naon-naon anu diébréhkeun ku muridna. Upama muridna aya masalah, kakara dibantuan ku guru.

Guru bisa ngébréhkeun jasa indung bapa ka muridna saperti anu kaunggel dina pupuh maskumambang.

1. Hé barudak kudu mikir ti leuleutik  
maneh kahutangan  
ku kolot ti barang lahir  
nepi ka ayeuna pisan.
2. Ka panggawé matak hésé matak pusing  
nyorang kasusahan  
kolot nya méré rejeki  
dahar leueut papakéan.
3. Maranéh téh kudu pisan boga pikir  
niat mulang tamba  
ka kolot rék males asih  
dimana géus cumarita.

Malah murid bisa sina ngabayangkeun kumaha lamun manéhna geus teu indung teu bapa (pahatu lalis) saperti dina dongéng budak pahatu.

## BUDAK PAHATU

Jaman baheula aya dua budak pahatu, lanceukna lalaki, ari adina awéwé. Ari imahna deukeut hiji leuweung nu loba tangkal bubuhan anu ngareunah, kayaning pari, kupa, huni, pining, jeung salianna.

Dina hiji mangsa, barudak téh rék ngala buah kupa ka leuweung. Barang datang ka leuweung, cek lanceukna, "Nyai, Akang arék ngala bubuhan, ku Nyai pulungan."

"Heug Akang," cek adina.

Térékél budak téh naék. Barang keur jongjon ngala kupa, léor aya oray sanca, nyampeurkeun adina anu keur diuk nyanghunjar lambar, nyarandé kana catang.

Gep ngégél oray téh kana sukuna. Budak téh hariring ngawih.

“Kang tulungan, Kang tulungan!  
aya nu gagarayaman  
kana bitis jeung ngégélan  
cing geuwat kuring tulungan.”

“Usap baé, Nyai, meureun sireum,” cek lanceukna.  
Budak awéwé téh, sapanjang bisa kénéh ngomong mah, teu eureun-eureun ngawih ménta tulung.

Tapi ku lanceukna teu ditolih, marukanana sireum baé.  
Tungtungna leg baé budak téh diteureuy buleud, sarta orayna tuluy asup ka jero leuwi.

Lanceukna reuwaseun naker sabab adina répeh baé teu kecét-kecét. Tuluy turun. Barang datang ka handap, manéhna kagéteun pisan sarta ngira yén adina dihakan oray. Tuluy disusul tapak oray téh. Kabeneran barang nepi ka hiji tempat, orayna kapanggih keur gulang-guling baé, teu bisaeun indit. Budak lalaki ngadéngé manuk haur disada, pokna, cukrih, cukrih, turih ku pucuk eurih.”

Budak lalaki té gancang ngala pucuk eurih sarta beuteung oray téh diturih.

Goréhél adina kapanggih ti jero beuteung oray, tuluy dibawa balik. Barang datang sok digolérkeun di tengah imah sarta tuluy digeberan ku manéhna bari ngawih.

“Geber-geber hihid aing  
hihid aing kabuyutan  
tittinggal nini awaking.”

Kerenyed suku budak téh usik. Pok deui lanceukna ngawih.

Kerenyed deui awkna usik; kitu baé satuluyna, nepi ka hirupna deui budak awéwé téh.

Gabrug dirontok ku lanceukna bari diciuman, tina sukana sarta omongna, “Nyai, tina manéh geus salamet deui, Akang boga pakaulan, rék lalayaran di leuwi Cipatahunan.”

Sanggeus kitu, isukna tuluy éta budak téh nyieun rakit.  
Harirta kénéh rakitna anggeus sarta tuluy dipaké lalayaran ku duaan di Cipatahunan.

Kocapkeun dina poé éta aya hiji raja eukeur bubujeng diiring ku pamatang-pamatang jeung balad-baladna.

Barang nepi ka lebah nu lalayaran téa, Si Léngsér nenjo nu dina rakit tuluy unjukan ka raja, yén aya budak awéwé dipaling ku bangsat dina rakit.

“Geuwat paéhan bangsatna,” timbalan raja.

Tuluy budak lalaki téh dibaredilan, datang ka maotna, tuluy bangkéna dialungkeun ka leuwi.

Ari adina lengerek baé kapaéhan; ku raja tuluy dicandak mulih, kersana rék diangken putra.

Barang sumping ka karaton, budak téh inget deui.

Ku raja budak téh tuluy dipariksa, ti mana asal-usulna, saha nya indung bapa, jeun g saha lalaki nu tadi téa.

Jawabna, "Nun Gusti, abdi téh parantos teu indung teu bapa. Dupi ti rorompok, mung duaan baé sareng punlanceuk nu dipaéhan tadi di leuwi tea."

Barang raja ngadangu piunjuk budak awéwé kitu, anjeunna hanjakaleun pisan, tuluy nimbalan ka Si Léngsér, ayeuna sia indit ka alun-alun, takol bendé, béjakeun ka jalma-jalma, yén minggu hareup urang marak leuwi Cipatahunan, tapi lain ngala laukna, saha-saha nu manggih tulang kudu dikumpulkeun."

Si Léngsér nyembah, tuluy indit, ngemban timbalan raja.

Dina poé Jumaah, leuwi téh dipengkong. Tuluy sakur tulang nu kapanggih, dikumpulkeun sarta disanggakeun ka kangjeng raja.

Budak awéwé tuluy nyokot hihid. Tulang-tulang nu meunang ngumpulkeun téa digeberan ku manéhna bari ngawih.

"Geber-geber hihid aing  
hihid aing kabuyutan  
titinggal nini awaking."

Kitu baé ngawihna nepi ka tujuh kali. Tulang téh ujug-ujug jleg baé jadi deui jalma sarta hirup. Barang rét nenjo ka adina, gabrug silih rangkul, silih cium. Sanggeus kitu, raja mulih ti pamarakan. Budak nu duaan téa dicandak ka nagara sarta diangken putra.

## Conto 2

Tema: *Pancaindra*

Murid sina nuduhkeun sawatara alat pancaindra dina awakna (irung, panon, jeung ceuli). Satuluyna, siswa ditungtun pikeun ngajawab pertanyaan-pertanyaan anu disodorken ku guru ngeunaan gunana pancaindra. Siswa ogé sina ngabayangkeun kumaha upama Allah swt. teu méré panon ka urang.

Guru nerangkeun fungsi-fungsi pancaindra jeung anggota badan. Upamana, salahsahiji fungsi suku nya éta pikeun leumpang. Ku ayana dibéré suku , urang jadi bisa jalan-jalan.

Satuluyna guru bisa ngawanohkeun lagu jalan-jalan.

## JALAN-JALAN

1. Hayu urang jalan-jalan  
Mapay sawah jeung tegalan  
masing awas tuh, aya solokan  
Yu bareng urang luncatan.
2. Hayu urang jalan-jalan  
mapay sawah jeung tegalan  
sing iatna leuh, jeblog jalanna  
kapaksa jéngké leumpangna.
3. Hayu urang jalan-jalan  
mapay sawah jeung tegalan  
urang nyoba tuh, meuntas walungan  
leumpangna mapay jambatan.
4. Hayu urang jalan-jalan  
mapay sawah jeung tegalan  
mipir pasir euh, di sisi jurang  
kapaksa kudu ngorondang
5. Hayu urang jalan-jalan  
mapay sawah jeung tegalan  
tengah poé duh, panas nongtoréng  
gancangan leumpang tong meléng.
6. Hayu urang jalan-jalan  
Mapay sawah jeung tegalan  
awak lesu duh, leumpang geus lila  
hayu urang reureuh heula.

Conto 3

Tema: *Rumah*

Pangajaran bisa dimimitian ku cara murid ngawarnaan gambar imah anu geus disadiakeun ku guru. Satuluyna, murid sina nyaritakeun kaayaan imahna. Guru bisa nyodorken pertanyaan-pertanyaan ngeunaan fungsi imah atawa asal dijieunna imah. Malah murid sina nyaritakeun kagiatan anu dilaksanakeun di imah.

Guru bisa nyilokakeun yén di imahna murid teu meunang paséa jeung dulurna . Ulah saperti ucing jeung anjing saperti dina ieu kawih.

### **UCING JEUNG ANJING**

Ucing diudag anjing (2X)  
Gog-gog-gog! Gog-gog-gog  
Eong-éong  
Jleng luncat asup ka kebon  
Pagerna ditutupkeun.

Di imahna murid tinangtu osok ulin jeung babaturanana. Ku kituna, guru bisa ngawanohkeun kawih kaulinan barudak saperti ayang-ayang gung, eundeuk-eundeukan, jeung sajabana.

### **AYANG-AYANG GUNG**

1. Ayang-ayang gung (gung)  
gung goongna tarik (rik)  
Rikat arék nyaba (ba)  
Bari kakawihan (han)  
Hantem gogonjakan (kan)  
Kantenan gumbira (ra)  
Ramé ku nu seuri (ri)  
Riab ting alabring.
  
2. Ayang-ayang gung (gung)  
Gung goong kacapi (pi)  
Piraku rék poho (ho)  
Horéng kudu pinter (ter)  
Terang tata-titi (ti)  
Tinangtu waluya (ya)  
Yakin loba sobat (bat)  
Batur ubrang-abring.

### **EUNDEUK-EUNDEUKAN**

Eundeuk-eundeukan lagoni  
meunang peucang sahiji  
leupas deui ku nini  
beunang deui ku aki.

#### Conto 4

Tema: *Sekolah*

Murid sina nyaritakeun kajadian anu aya dina gambar ti mimiti hiji murid pamitan ka kolotna sabab rék indit ka sakola, kaayaan di jalan, sarta ahirna nepi ka sakola.

Satuluyna, guru nyaritakeun kaayaan murid anu asalna datang ti kulawarga. Indit ka sakola maké seragam terus asup ka hiji kelas nya éta Taman Kanak-kanak . Di sakola loba babaturan, diajar babarengan, ulin babarengan kalawan pinuh ku kagumbiraan. Cindekna, guru nyiptakeun suasana murid jadi akrab sarta ngébréhkeun yen di sakola téh matak pikabetaheun.

Guru nerangkeun yén ayeuna mah muridna téh tos lebet sakola. Ku kituna, murid kedah getol diajar supaya cita-citana laksana.

Patali jeung ieu pangajaran, guru bisa ngawanohkeun kawih lalamunan atawa sajak saperti ieu di handap.

#### LALAMUNAN

1. Mun abdi pareng nincak déwasa  
Badé ngabantu Rukun Tatangga  
Gotong royong tur sabilulungan  
Trong-trong-trong! Sora kohkol ngélingan.
2. Mun abdi pareng nincak déwasa  
Hayang laksana jadi tentara  
Ngusir musuh nu rék niat jail  
Dor-dor-dor! Musuh paéh dibedil.
3. Mun abdi pareng nincak déwasa  
Moal nyaah ka dunya barana  
Pakir miskin nu katalangsara  
Sok-sok-sok! Rék dibagi sing rata.

## KURING HAYANG

Kuring hayang  
enya-enya ngulik pangarti  
keur pibekeleun  
lamun geus sawawa  
da élmu mah  
teu beurat mamawa

Kuring hayang  
hirup beunghar ku pangabisa  
sangkan jaga teu susah  
nyiar gawé nu mangpaat  
hasilna pikeun babakti  
ka Gusti Nu Maha Suci

Kuring hayang  
mun engké geus cumarita  
mulang tarima ka indung bapa  
jeung buméla ka lemah cai  
tempat kuring gumelar  
Indonésia nu dipicinta.

Conto 5

Tema: *Kesehatan*

. Guru bisa nanyakeun eusi gambar, Upamana aya ambar awewe u keur mand. Carana ku ngajukeun sawatara pertanyaan saperti ieu di handap.

- 1) Nuju naon éta istri téh?
- 2) Naha hidep sok ibak upami badé ka sakola?
- 3) Kumaha upami hidep henteu ibak upami badé ka sakola?
- 4) Jst.

Guru terus nerangkeun perkara kabersihan jeung kaséhatan. Siswa bisa diajak nembangkeun pupuh asmarandana.

## ASMARANDANA

Eling-éling murangkalih  
kudu apik jeung berséka  
ulah odoh ka panganggo  
mun kotor geuwat seuseuhan  
soeh geuwat kaputan  
ku nu buruk masing butuh  
ka nu anyar masing lebar.

## C. PANUTUP

Atikan basa Sunda di Taman Kanak-Kanak diperlukeun pisan pikeun mantuan numuwuhkeun jeung mekarkeun kamampuh dasar siswa dina ngagunakeun basa Sunda, boh dina ngaregepkeun, nyarita, maca, atawa nulis.

Carita-carita atawa lagu-lagu anu ngandung ajén atikan tur loyog jeung tingkat kamekaran murid hadé pisan digunakeun pikeun média diajar siswa enggoning mekarkeun pamikiran, sikep jeung kapribadian, katut bakat jeung kréativitas murid.

## Pustaka

Hadi, Ahmad, spk. 1991. *Peperenian*. Bandung: CV Geger Sunten.

Harianti, Diah. 1995. "Program Kegiatan Belajar Taman Kanak-Kanak 1994". Jakarta: Depdikbud.

Nurjanah, Nunuy&Yayat Sudaryat. 2009. *Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda: Konsep, Komponen, jeung Model Diajarna*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.

Patmonodewa, Soemaiarti. 1995. "Buku Ajar Pendidikan Prasekolah". Jakarta: Depdikbud.

Sari, Dini P. Daeng. 1996. "Metode Mengajar di Taman Kanak-Kanak II". Jakarta: Depdikbud.

Shapiro, Lawrence E. 1997. *Mengajarkan Emotional Intelligence*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Sugiarto T., Mayke. 1995. "Bermain, Mainan, dan Permainan". Jakarta: Depdikbud.

Suriamiharja, Agus. 1995. "Usulan Rancangan Disertasi". Program Pascasarjana IKIP Bandung.

Suriamiharja, Agus, spk. 1997. *Padika Pangajaran Basa Sunda di Sakola Dasar*. Bandung: CV Geger Sunten.

